

**NeMutungamiri
Henry B. Eyring**

Mutevedzeri Wekutanga
muHutungamiri Hwekutanga



Ziva, Yeuka, uye Upe Kutenda

Mwari Vanokumbira kuti tipe kutenda kwaVari nemaropafadzo apizvawo atinogashira kubva kwaVari. Zvirinyore kuva tinongotaura mazwi asiri anobva pamwoyo muminamoto yedu yerutendo, kazhinji tichidzokorora mazwi mamwechetewo zvisina chinangwa chekupa kutenda kwedu sechipo chemwoyo kuna Mwari. Tinofanira “kutenda . . . mu-Mweya” (D&Z 46:32) kuitira kuti tikwanise kunzwa rutendo rwechokwadi rwezvatakapihwa naMwari.

Tingayeuke sei kunyange chikamu chezvose zvatakaitirwa naMwari? Muapostora Johane akanyora zvatakadzidziswa neMuponesi pamusoro pechipo chekuyeuka chinouya kuburikidza nechipo cheMweya Mutsvene: “Asi Munyaradzi, Mweya Mutsvene, uchatumwa nababa muzita rangu, iye uchakudzidzisa zvose, nekukuyedzira, zvose zvandakareva kwamuri” (Johane 14:26).

Mweya Mutsvene unotiyeuchidza zvatakadzidziswa naMwari. Uye imwe yenzira dzatinodzidziswa nadzo naMwari ndeye maropafadzo Avo; nokudaro, kana tika-sarudza kushandisa rutendo, Mweya Mutsvene uchau-nza tsitsi dzaMwari kundangariro dzedu.

Unokwanisa kuzviyedza mumunamoto nhasi. Unokwanisa kutevera murairo unoti “Mutende Ishe Mwari venyu mune zvinhu zvose” (D&Z 59:7).

Mutungamiri Ezra Taft Benson (1899–1994) vakaraira kuti munamoto unopa nguva yekuita izvozvo. Vakati: “Muporofita Joseph paneimwe nguva vakati, chimwe chezvitadzo zvikuru-kuru chinoita kuti Vatendi Vamazuva Ekupedzisira vazove nemhosva chitadzo chekusatenda. Ndinofunga kuti vazhinji vedu hatina kumbofunga kusatenda uku sechitadzo chikurusa. Muminamoto yedu nemukuteterera kwedu kuna Ishe kazhinji tinowanokumbira mamwe maropafadzo. Asi dzimwe nguva ndinofunga kuti tinofanira kupira minamoto yedu mizhinji kumazwi erutendo neekuvonga maropafadzo atakatogashira. Tinoropafadzwa nezvakawanda.”¹

Unokwanisa kuva nemanzwi akadai nechipo cheMweya Mutsvene nhasi. Unokwanisa kutanga munamoto wemuruvande nekutenda. Unokwanisa kutanga kuverenga maropafadzo ako uye wombomira kwekanguva. Kana ukashandisa ruvimbo, nechipo cheMweya Mutsvene, unozoona kuti ndangariro dzemamwe maropafadzo dzinozozara mupfungwa mako. Ukatanga kutaura rutendo rwako rwerimwe nerimwe rawo, munamoto wako ungangotora nguva yakareba kupinda zvamazuva ose. Yeuko inouya, uye nerutendo runouyawo.

Unokwanisa kuedza zvimwechetezvo apo paunonyora chitiko mujenari rako. Mweya Mutsvene

wakabatsira vanhu kuyeuka kubvira pakutanga kwe-
nguva. Unoyeuka kuti bhuku raMosesi rinoti, “Uye
bhuku rendangariro rakachengetwa, umo mainyorerwa,
mururimi rwaAdama, nokuti zvakanga zvakapihwa
kune vose vaidaidza kuna Mwari kuti vanyore kuburiki-
dza nemweya wekufemerwa” (Mosesi 6:5).

Mutungamiri Spencer W. Kimball (1895–1985) va-
katsanangura nzira iyoyo yekunyora kwakafemerwa
vachiti: “Avo vanochengeta bhuku rendangariro kazhinji
ndivo vanowanzo chengeta Ishe mundangariro muu-
penyu hwavo hwemazuva ose. Majenari inzira yeku-
verenga maropafadzo edu uye yekusiira nhoroondo
yemaropafadzo aya kuzvibereko zvedu.”²

Apo paunotanga kunyora, unokwanisa kuzvibvunza
kutanga, “Mwari varopafadza sei nhasi ini neavo vandi-
noda?” Ukaita izvozvo kakawanda uye neruvimbo,
uchazozviwana uchiyeuka maropafadzo. Uye dzimwe
nguva uchava nezvipa zvichaunzwa kupfungwa dzako
izvo zvawatadza kuona muswere wezuva asi zvaucha-
zoziva zvino kuti zvangazviri kubata kweruoko rwa-
Mwari muupenyu hwako.

Ndinonamata kuti tingaramba tichiedza muruvimbo
kuziva, kuyeuka nekupa kutenda nezvakaitwa uye
zvirikuitwa naBaba vedu Vekudenga neMuponesi wedu
kuzarura nzira yekumusha kwaVari.

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Ezra Taft Benson, *God, Family, Country: Our Three Great Loyalties* (1974), 199.
2. Spencer W. Kimball, “Listen to the Prophets,” *Ensign*, Kubvumbi 1978, 77.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Mushoko ravo, Mutungamiri Eyring vanotikoka
kutanga tiyeuke tsitsi dzaBaba Vekudenga muminamato
yedu. Kurukura neavo vamunodzidzisa kuti kunamata
nerutendo kunokwanisa kutibatsira sei kuziva ruoko
rwaMwari muupenyu hwedu. Funga kupfugama kuti
munamate neavo vamunodzidzisa uye ukurudzire uyo
anoita munamato kuti ataure kutenda chete.

Uno kwamisawo kudzidza kukosha kwerutendo
nekuverenga ndima idzi pamusoro pendima dzakata-
urwa neMutungamiri Eyring: Mapisarema 100; Mosaya
2:19–22; Aruma 26:8; 34:38; Dzidziso neZvibumirano
59:21; 78:19; 136:28.

VECHIDIKI

Wongorora Nhorondo

Mutungamiri Eyring vanotapa Mutungamiri
Spencer W. Kimball (1895–1985) vachitaura kuti
“majenari inzira yekuverenga maropafadzo edu uye
yekusiira nhoroondo yemaropafadzo aya kuzvibereko
zvedu.” Mumusangano mukuru muna Gumiguru 2012,
Mutungamiri Thomas S. Monson vakapa uchapupu
hwavo hwekunyora majenari. Vakagovera zvimwe
zviitiko kubva muupenyu hwavo, vachiti, “Jenari rangu
remazuva ese, randakanyora mariri makore ese aya,
rinondibatsira kupa zvakaitika chaizvo izvo zvandino-
funga kuti dai risipo handaizokwanisa kuzviyeuka.” Va-
karaira kuti, “Wongorora nhoroondo yeupenyu hwako
utarise kunyanya maropafadzo, makuru nemadiki, awa-
kagashira” (“Consider the Blessings,” *Liahona neEnsign*,
Mbudzi 2012, 86). Edza kutevera rairo dzemaprofito
aya uye womisa zvinangwa zvekunyora mujenari rako.

Nzira Dzakawanda dzeKuti Ndinotenda

*“Pasi rose pakupera kwezuva,
Vana vaBaba Vekudenga vanopfugama
pasi vachinamata,
Mumwe nemumwe achiti ndinotenda nenzira
yake pachake inokosha.”*

“Children All Over the World,” Children’s Songbook, 16.

Shandisa mepu kuona nyika dzakasiyana uko kunotaurwa ndimi idzi. Dzimwe dzendimi idzi dzinotaurwa munyika dzinopfuura imwechete!

1. gracias (chiSpanishi)
2. malo (chiTongeni)
3. thank you (chiRungu)
4. shukriyaa (chiHindu)
5. spaseba (chiRashiyeni)
6. arigatō (chiJapanizi)
7. obrigado (chiPutukezi)
8. asante (chiSwahiri)
9. merci (chiFrench)



Rubatsiro

Nomunamato dzidza chinyorwa chino uye, pazvinoita, chikurukure nemasisita amunoshanyira. Shandisa mibvunzo yacho kuti ikubatsirei kusimbisa masisita enyu uye kuita kuti Chita cheRubatsiro chive chikamu chinoshanda cheupenyu hwenyu pachenyu. Kuwana rumwe ruzivo, enda kuwww.reliefsociety.lds.org.

Zvinangwa zverubatsiro rweChichi ndezvekubatsira nhengo kuti dzigova dzinozviritira, kuchengeta varombo nevanoshaya, nekushandira vamwe. Rubatsiro rwakakosha kubasa reChita cheRubatsiro. Mutungamiri Henry B. Eyring, Mutevedzeri Wekutanga muHutungamiri Hwekutanga, vakadzidzisa kuti:

“[Ishe] kubvira pakutanga kwe-nguva vakapa nzira dzekuti vadzidzi Vavo vabatsire. Vakakoka vana Vavo kuti vapire nguva yavo, zviwanikwa zvavo, uye kuti vabatane Navo mukushandira vamwe. . . .

“Vakakoka uye Vakatiraira kuti titore chinhano mubasa Ravo rekusimudzira avo vanezvidikanwi. Tinoita chibvumirano chekuita izvozvo mumvura dzerubhabhatidzo uye nemumatemberi matsvene aMwari. Tinovandudza chibvumirano ichi musi weSvondo apo patinotora sakaramende.”¹

Pasi pehutungamiri hwabhisopikana hwemutungamiri webazi, vatungamiri vemunzvimbo imomo vanobatsira nerubatsiro rwezvemweya nerwezvenyama. Mikana yekushandira inowanotanga nevadzidzisi vekushanyirana vanotsvaga

femero yekuziva madairiro ekuita kuzvidikanwi zvasisita wega wega wavanoshanyira.

Kubva muMagwaro Matsvene

Ruka 10:25–37; Jakobo 1:27; Mosaya 4:26; 18:8–11; Dzidziso neZvibvumirano 104:18

Kubva muNhorondo Yedu

Musi wa9 Chikumi, 1842, Muporofita Joseph Smith vakapa kumasisita emuChita cheRubatsiro basa “rekuyamura varombo” neku “ponesa mweya.”² Zvinangwa izvi zvizviri pamwoyo peChita cheRubatsiro uye zvinoratidzwa muchirevo chedu, “Rudo harutongo peri” (1 VaKorinte 13:8).

Mutungamiri mukuru wedu weChita cheRubatsiro wechishanu, Emmeline B Wells, nevatevedzeri vake vakavamba chirevo ichi muna 1913 seyeuchidzo yemisimboti yedu yekutanga: “Tinozvitauro pachena kuti chinangwa chedu . . . [kubatirira] zvakasimba kudzidziso dzakafemerwa dzeMuporofita Joseph Smith apo pavakazivisa chinangwa chaizotevedzwa icho chekupa simba kumadzimai kuburikidza

nehutungamiri hwehupirisita kuti vaunganidzwe mumapoka akakodzera nechinangwa chekunamaitira varwere, kubatsira vanoshaya, kunyaradza chembere, kuyambira vanhu vasingazive, uye nekubatsira nherera.”³

Nhasi Chita cheRubatsiro chavakubata vanhu pasi rose apo masisita pavanotambanudzira rudo rwakadzama, rudo rwutsvene rwaKristu, kuvavakidzani vavo, (ona Moronai 7:46–47).

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Henry B. Eyring, “Opportunities to Do Good,” *Liahona neEnsign*, Chivabvu 2011, 22.
2. Joseph Fielding Smith, mu*Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 97.
3. *Daughters in My Kingdom*, 63.

Chii Chandingaite?

1. Ndiri kugadzirira sei kuzvitarrira ini pachangu uye nemhuri yangu panezvemweya nezvenyama?
2. Ndingakwanise sei kutevera muenzaniso weMuponesi apo pandinobatsira kuzadzikisa zvidikanwi zve masisita andinotaririra?